ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

ТЕХНИКА ФАКУЛЬТЕТИ

«АРХИТЕКТУРА ҲӘМ ҚАЛА ҚУРЫЛЫСЫ» КАФЕДРАСЫ

# Нөкис қаласы Таслақ посёлкасына 100 орынлық дийхан базар имаратының архитектуралық шешими

**ДИПЛОМ ЖОЙБАРЫНЫҢ**

# ТҮСИНДИРИЎ ХАТЫ


**Кафедра баслығы:** **Б.Қидирбаев**

**Илимий басшы:** **А.Уралов**

**Питкериўши:** **З.Даўлетбаев**


Нөкис-2015ж.

# М АЗМУНЫ

**КИРИСИЎ**.................................................................................................

**I БАП. БАЗАРЛАРДЫҢ КЕЛИП ШЫҒЫЎЫ ҲӘМ ДЕ ОНЫҢ ТҮРЛЕРИ** ...........................................................................................

1.1. Базарлардың архитектуралық пайда болыўы .......................

1.2. Базарларды жайластырыўдағы қаласазлык мәслелери .......

1.3. Өзбекистанда жабық базарлардың раўажланыўы.......

**II БАП. БАЗАРЛАР АРХИТЕКТУРАСЫНА ТӘСИР КӨРСЕТИЎШИ ФАКТОРЛАР**...................................................................................................

2.1. Базарларға тәсир көрсететуғын факторлар ҳәм талаплар........................

2.2. Қарақалпақстан Республикасында базарлардың архитектуралық шешимлери...................................................................................................

**III БАП. БАЗАРЛАРДЫ ОПТИМАЛЛАСТЫРЫЎ ҲӘМ ДЕ ӨНИМДАРЛЫҒЫН АСЫРЫЎ**...............................................................

3.1. Базарлардың салыстырмалы көрсеткишлери ( майданы ҳам көлеми бойынша)...................................................................................................

3.2. Бина ҳәм майданлардың тийкарғы топарларын режелестириў шешимлери...................................................................................................

**ЖУЎМАҚ**.............................................................................................

**ҚОСЫМША**.........................................................................................

**ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ**..................................................................

# КИРИСИЎ

Ҳәзирги күнде базарлардың әҳмийети жүдә үлкен, ҳеш бир халықтың өмирин базарсыз көз алдымызға келтирип болмайды. Данышпантларымыз айтқанындай, халықтың қандай екенлигин билгиң келсе, базарына барып көриң ҳәм де жәмийетлик хәжетханаларына кирип көриң. Бул ҳикметте үлкен ҳақыйқат жасрынған еди, мәмлекетимизге келген ҳәр-бир саяхатшы әлбетте базарды барып көреди. Базар халықтың жүзи деседе қәте болмайды. Ҳәр бир базардың өз қәсийети бар болып, онда сатылатуғын өнимлердиң түрлери, ишки нызам қағыйдалары сәўлеленген болады.

Қала қурлысы әмелиятында базарлардың қалада жайласыўы үлкен әҳмиетке ийе болып, базардың раўажланыў факторын белгилейди.

Базардың қәдир қымбаты қалада жоқары болғанлығы ушын оның әтрапындағы үйлер ҳәм де жәмийет биналары қымбатырақ болады.

Базар халықтын мәдениятын байланыстырыўшы орын болып табылады. Бул жерде пайдаланыўшылар өз талапларын қанаатландырады. Ал ислеп шығарыўшылар болса пайдаланыўшылардың талапларына қарап өз усынысларын қанаатландырады. Бир сөз бенен айтқанда халықтың раўажланыў точкасы усы жерден басланады. Базар талап ҳәм усынысларды уйғынластырады. Базарлар раўажланыўында ең зәрүр қолланбалардың бири “Базарлар искерлигин шөлкемлестириў ҳәм халыққа хызмет көрсетиў сыпатын жақсылаў бойынша қосымша шара илажлар ҳаққындағы” Пәрман ҳәм оған сай ҳалда қабыл етилген Ўәзирлер Мекемесиниң карарары, сондай ақ Ўәзирлер Кеңесиниң “Азық – аўқат товарлары менен саўда ислеўди жетилистириў бойынша шара илажлар ҳаққындағы” 2003жылы 28 июльдағы қарары хызмет қылады.

Үлкен қалаларда базарлар саны өсип бармақта. Қарақалпақстан Республикасы пайтахты Нөкис қаласында халыққа саны 50 артық ҳәр түрдеги кишкене базарлар хызмет көрсетпекте.

Қәнигелердиң пикиринше, базарлардың көбейип барыўы халық ушын хызмет қылады, екинши тәрептен болса үлкен саўда комплекслери көп адамларды жыйнап тәртипсизликтиң алдын алады.

Базарлардың және бир қәсийетлериниң бири ол өнимлерди бир жерде жыйнап конкуренцияны келтирип шығарады ҳәм буның нәтийжесинде өним қуны пәсейеди ҳәм өним сыпаты болса жақсыланыўға умтылады.

Қурылыс материаллары, техника ҳәм технологиялардың раўажланыўы менен базарлардың сыпат характеристикасыда раўажланбақта. Мысалы базарлардың үстиңги жабылмалары жеңиллесиўи, аралық жабылмалардың (пролет) үлкейиўи, саўда шақабларының мобиллесиўи менен бинаның модуль сыпатында кеңейе алатуғынлығы гүзетилмекте.

**Диплом жумысының тийкарланғанлығы ҳәм де оның актуаллығы;**

Өзбекистан Республикасы Ўәзирлер Кеңеси қарары Республика базарлары ҳәм саўда комплекслери искерлигин шөлкемлестириў ҳәм басқарыўды жәнеде жетилистириў, халыққа хызмет көрсетиў дәрежесин асырыў ҳәм саўда қылыў шараятларын жақсылаў ҳаққында баян етеди.

Базардағы қурылыстың қурамалылығы соншелли , ол пүтинлей қаланың климат шараятына, қуяштың бағдарына, орынның дурыс таңланғанлығы-на, самалдың есиў бағдарына қарап белгиленеди.

Сол жерде жасаўшы халықтың мәдениятына, жасаў тәризине ҳәм базарды жойбарлаўшы архитектураның билим дәрежесине байланыслы болады. Базардың қурылысындағы басынан ақырына шекем болған процесс пүткил архитектураның билимлери жыйындысы тийкарында пайда болатуғынлығы қурамалы процесс болып табылады.

Пүткил қурылыстың усылы ҳәм архитектураның ҳәзирги заман идеялары ҳәм қурылыстың қурамалылығы қурылып атырған базардың қолайлы болыўына себепши болады. Базарлардың қолайлығы бойынша нәтийжеликтиң кемлиги себепли, бул мәселе архитектураның жәнеде заманагөй, қолай, ықшам ҳәм жаңа қурылысларды излеп табыўына себепши болады.

- Қарақалпақстан Республикасы жабық базарлары ҳәм де саўда комплекслери ( режелер, фасадлар, архитектуралық көринислери).
- Жабық базарлар, тәртипсиз пайда болып атырған саўда комплекслери, мәўсимли саўда комплекслери.

Қурылып атырған мәселе бойынша мәмлекетимизде ҳәм шет еллерде баспадан шыққан дереклерди үйрениў ҳәм мағлыўматларды улыўмаластырыў тийкарында Қарақалпақстан Республикасындағы жабық базарларда ҳәм саўда комплекслеринде әмелий изертлеўлерди өткериў, жойбарланған шешимлерди додалаў, жабық базарлардағы кемшиликлерди жоқ етиў бойынша илажлар ислеп шығыў ҳәм де илимий жақтан тийкарлап бериў изертлеў жумысының тийкарғы мақсети болып табылады.

Жоқарыда қойылған мақсетке жетисиў ушын төмендеги ўазыйпаларды орынлаў лазым болады:

- Орынланып атырған диплом жумысымны temaсы бойынша теориялық тийкарларды үйрениў;
- Қарақалпақстан Республикасында жабық базарлардың түрлерин қурыўға илмий – әмелий жәрдем бериў. Бунда изертлеў жумысында базарлардың ис ўақтының созылыўы ҳәм де көбирек пайда келтириў факторлары көзде тутылады;
- Шет ел жабық базарлар системасын үйрениў.

Қарақалпақстан Республикасы жабық базар комплеклериниң бүгинги күндеги раўажланыўы, архитектуралы-режели шешимди додалаў;

Заман талабына жуўап беретуғын жабық базарлардың жойбарларын ислеп шығыў бойынша усынысларды ислеп шығыў;

Өзбекистан Республикасының Президенти И.А.Каримовтың мийнетлери ҳәм пәрманлары, Өзбекистан Респубикасы нызамлары, Ўәзирлер кеңеси қарарлары, Мәмлекетлик Архитектура ҳәм қурылыс комитети қарары ҳәм норматив ҳүжжетлери, Ўатанымыз ҳәм де шет ел

илимпазаларының илимий ислери, сондай ақ жабық базар комплеклерине тән басқада әдебиятларды пайда етеди.

Мысалы жоқарыда айтып өткенимиздей Өзбекистан Республикасы Ўәзирлер Кеңесиниң 2012 жылғы 28 августтағы 253 санлы " Базарлар ҳәм саўда комплекслери искерлигин тәртипке салыўға дерек қосымша- шара илажлар ҳаққындағы" қарарлары таяныш болып есапланады.

Қарақалпақстан Республикасында қумлы самаллар ҳәм шаң болғанлығы, жазда ҳаўа температурасы $+35^0$С - $+40^0$С болғанлығы себепли қолайсыз климатты пайда етеди.

Бундай климатта санитариялық қағыйдаларға ҳәм тазалыққа әмел қылыў ашық базарларда жүдә қыйын. Сол себепли заманагөй базар қурылыслары жабық , айналы, жақсы хаўа айланатуғын, самалланып туратуғын болыўы керек. Бул теория әмелиятта "Орайлық базар" да өз сәўлесин тапқан.

**Тема бойынша қысқаша әдебиятлар сыпатламасы**

Базарлар искерлиги бойынша илимий жумысты Саннаттаныў илимий тексериў институты хызметкерлери жумыс алып барған. Изертелеў барысында бул қолланбаларға итибар қаратылды. Сондай ақ архитектор тәрепинен Зиёев А.А Ташкент қаласындағы қәдимги базарлар искерлигин пайда етиў тарийхы ҳәм раўажланыў басқышлары ҳаққындағы оқыў қолланбалары жаратылған. Изертлеўлер барысында интернет материаллары, жәмийетлик биналарды жойбарлаў әдебиятларынан пайдаланылды.

**Диплом жумысында пайдаланылған методларға қысқаша сыпатлама:**

Илимий жумыс тийкарынан жабық базарлар архитектурасының сыпатламасы ҳәм олардың қолайлығын анықлаўға қаратылған. Усы илимий жумыста режелер, фасадлар салыстырмалы усыл менен сыпатланған болып, пайдалы тәреплери анықланады. Булардан тысқары жаңа жойбарлар усынысы бериледи.

# I БАП. БАЗАРЛАРДЫҢ КЕЛИП ШЫҒЫЎЫ ҲӘМ ДЕ ОНЫҢ ТҮРЛЕРИ

## 1.1. Базарлардың архитектуралық пайда болыўы

Жабық базарлар арнаўлы саўда етиў ушын қәнигелестирилген биналар болып, тарийхта қәдимги агора ҳәм форумлар менен байланыслы. Бул қәдимги қалалардың жәмийет майданлары тиришилик аренасы, соның менен бирге халық жыйынлары менен биргеликте саўда-сатық ислерин алып барыў орны болып есапланған.

Қәдимги Рим форумлери әтрапында саўда-сатық биналары қурылған. Троян форумы әтрапындағылары өз заманы ушын әҳмийетли болып есапланған, 150 таберди ( дүканды) өз ишине алған бес қабатлы бина қурылған.

Орта әсирлерде, кейин ала ойяныў дәўирине келип Батыс Европадағы қалаларда базар майданлары саўда-сатық ҳәм социаллық тиришилик орайы сыпатында искерликти даўам еткен.

Олар қала орайында жайласып,саўда қатаралары ҳам галереялар менен оралады. Жабық базарлар көлеми- режели дүзилисине қарап бир заллы (киши сыйымлы), павелион түрдеги, еки- үш заллы(орта ҳам үлкен сыйымлы) павелион көринисиндеги (түрли сыйымлы) базар түрлерине бөлинген. Олар қала орайларында жайласқан болып, саўда қатарлары ҳәм галереялар менен оралған. Жабық базарлар өзиниң көлеми-кеңисликте композициялары, улыўма, абсолют өлшемлери, сондай ақ айрым бөлимлериниң өлшеми ҳәм пропорциялары менен басқа административлик- коммунал (майший) мақсеттеги биналардан сезилерли дәрежеде ажыралып турады.

Жабық базарлардың ҳәзирги заман түриндеги көринис Шығыс Европада биринши дүнья жүзлик урысынан кейин раўажланады. Олар үлкен көтере саўда базарлар еди. Бундай базарлар тек ғана қалаларға емес, ал бар неше қалаларға, айрым ўақытлары бир неше мәмлекетлерге хызмет көрсететуғын еди.

Бундай көтере саўда базарларының үлкенлигин көз алдымызға келтириў ушын олардың майданын көз алдымызға келтириўимиз жетерли.
Олар орташа 15-20 мың $м^2$ ҳәм 250-300 мың $м^2$ майданға ийе еди. Бундай базарлардың раўажланыўына себепши фактор музлатқышлардың ҳәм де қәнишелестирилген иншаатлардың пайда болыўы болып табылады.

Ең дәслепки жуқа темир бетон равақлар ҳәм гүмбезлер пайда болыўы арнаўлы базарлар қурылысы менен Франк Фурт, Майндағы 1927 жылғы ҳәм Лейпцикдеги 1930 жылғы , Будапешттеги 1931 жылғы базарлар менен байланыслы.

Қалаларда жабық базарлар адамлардың көп баратуғын бина түрине киреди. Бул жерде 50-80 мың адам күнине барады. Еки факторды алыў керек.

1. Массалы түрде пиядалар ҳәрекетин шөлкемлестириў, кириў ҳәм шығыўды арнаўлы есапқа алыў.
2. Екинши фактор айырып ажратылған жоллар, өнимлерди алып кириў ушын жүклер түсириў жайлары ҳәм үлкен машиналар ушын стоянка шөлкемлестириў.

Жабық базарлардың тийкарғы ҳәм ең майданы үлкен иншааты – саўда залында, қарыйдарлардың жүриўи ушын ажратылған бир мәртелик ҳәм сатционар саўда орынлары жайласады.

Саўда залын режелестиргенде саўда жайларының өлшемлери олардың топарларынан келип шығылады.

Бир мәртелик саўда орынлары, залдың орайлық бөлиминде узынына ҳәм кесесине қатарлар, атаўшалар көринисинде жайласқан ашық саўда орынларын билдиреди.

Изертлеўлер "атаўша" көринисинде узынына жайласқан саўда орынларының мақсетке муўапық екенлигин көрсетеди, себеби олар саўданың еки тәреплеме алып барылыўы себепли, сыйымлығы бойынша қолайлықты пайда етеди.

Мәмлекетлик, ширкат, комиссион ҳәм басқада саўда бағдарлары ушын стационар саўда орынлары арнаўлы үскенеленген онша үлкен емес болмаған саўда палаткаларынан ибарат болады.

Олар жүк түсириў ҳам жүк артыў ушын қолайлы болыўы, амбарлар ҳәм санитариялық қадағалаў станциялары менен байланыслы болыўы, сатыўшы ушын жақсы ис шараятларын тәмийнлейтуғын ҳәм шығарып қойылған товарлар жақсы көринетуғын тәризде болыўы лазым.

Стационар саўда жайларын жайластырыўдың түрли усылларын салыстырыў соны көрсетеди, бунда ең нәтийжели жайластырыў болып олардың сыртқы дийўаллары бойлаб орап алыныўы, көп заллы базарлар шараятында болса – блоклар көринисинде саўда заллары аралығында жайласыўы болып саналады.

Саўда орынларын топарларға бөлиўи тийкарында ҳәр қыйлы түрлерге минәсип болған өнимлердиң жол қойылған дәрежедеги “ қоңысылығы” тәмийеленетуғын талапларға әмел қылыўы болып есапланады.

Санитариялық талапларға көре ҳәр қыйлы түрдеги азық – аўқат өнимлери (гөш,балык,палыз өнимлери,мийўелери) тек ғана арнаўлы пештахаталарда ямаса басқа-басқа ханаларда сатылыўы керек.

Базарларды эксплуатациялаў әмелиятында жол қойылатуғын “товарлар қоңысылығын” сақлаў шәрти менен саўда жайларының өз-ара алмасыўшаңлығынан кең түрде пайдаланылады.

Бул олардағы қурылмаларды саўда процесси қолайлығын бузбаған ҳалда унификациялаўға жәрдем береди.

Базарға алып келинип атырған азық-аўқат өнимлерин санитариялық жақтан тексерилиўи ушын сүт ҳам гөшти қадағалаўшы станцияларды жайластырыўдың үш тийкарғы усылы ушырайды: бас фасад тәрепинен; саўда залынан ажратып қойған ҳалда айрылып турыўшы бинада;биринши қабаттағы ямаса цоколь ( рельеф) дағы хожалық ҳәўлисине қарап.

Қала режесинде жабық базарларды жайластырыўда төмендеги өзине тән өзгешеликлер есапқа алынады:

- халыкты азық-аўқат ҳәм биринши орында тез бузылатуғын өнимлер менен тәмийнлеўге мөлшерленген жабық базарлар пайдаланыўшыларға жақын болыўы ҳам қарыйдарларға хызмет көрсетиўде жол қойылатуғын радиусты есапқа алған ҳалда пайда етилиўи керек. Үлкен қалаларда базардың турар – жай биналарында максимал узақлығы 1-1,5км ден, киши қалаларда болса 1,5- 2 км ден аспаслығы керек;

- жабық базарлар сыртқы жүк тасыў ағымларын қарыйдарлардың ҳәрекет жолынан ажратып алыныўына әмел қылған ҳалда қолай кирип келиў жоллары ҳам кириў жайлары менен тәмийнленген болыўы зәрүр;

- санитариялық талаплар бойынша жабық базарлар патасланыў дереклеринен шығындыларды зыянсызлантырыў жайынан 1,5 км ден кем болмаған, шаң ҳәм де күшли ийис шыгарыўшы санаат кәрханалары ҳәм амбарханалардан 500м ден кем болмаған узақлықта жайласыўы керек.

Көлеми бойынша үлкен пролётлы иншаат сыпатында жабық базарлар қалада сондай жайластырылыўы керек, бунда ол басқа биналар менен биргеликте архитектура ансамбилин жарата алыўы лазым.

Үлкен, ири ҳәм жүдә ири қалаларда базарларды жайластырыўдың ең көп тарқалған усыллары көрсетилген. Киши, тийкарынан ески қалаларда базар (саўда) майданлары көбинше жәмийетшилик орайы менен қосылып кетеди.

Үлкен , ири ҳам жүдә ири қалаларда жабық базарлар ғәрезсиз ҳалда ямаса қала әҳмийетиндеги саўда орайлары қурамында болған ҳалда жайластырылады.

Жабық базарлар қуўатлылығы бойынша үш топраға ажыратылады: киши базарлар – 100 саўда орны, орташа базарлар – 400-600 саўда орны,ири базарлар – 1000 нан артық саўда орынларына ийе болады.

Жабық базар аймағы қағыйдаға көре, өз ишине төмендегилерди алады: қарыйдарлар кирип келиў ҳәм автомобиллер сақалаў орны ушын базар алды майданы; жүклерди босатыў ушын ҳәм жүк машиналарын сақлаў ушын қолай кирип келиў жолларына ийе болған хожалық ҳәўлиси.

Бир объект ушын мөлшерленген майдан 1,2-1,5 га дан ибарат болады.
III ҳәм IV климатлы аймақлар ушын жер майданлары өлшеми мәўсимли саўда процесслери ушын майданлар артыўы есабынан 2-2,5 га шекем асады.

Шаҳарларда ёпиқ базарларни жойлаштиришнинг асосий иккита усули - оролли ва шаҳар қурилган квартал (мавзе)ларда жойлаштириш усуллари мавжуддир.

Қалаларда жабық базарларды жайластырыўдың тийкарғы еки усылы – атаўлы ҳәм қала қурылған кварталларда жайластырыў усыллары бар.

Атаўша қылып базарларды жайластырыўда базар бинасы көшелер менен шекленген кварталларды ямаса майдандағы орайлық жағдайды ийелейди. Буған мысал болып Ригадағы Орайлық базар ямаса Ульяновскидеги орайлық жабық базардың жайластырылыўы (жойбары) хызмет етеди.
Бунда жүклерди артып- түсириў екинши дәрежели көшелер тәрепинен әмелге асырылады.

Санкт Петербургтеги Приморье жабық базары көше бойлаб қысылған майданда узын фасад көринисинде жайластырылған.

Клиентлер ушын курдонерлардың жоқлығы ҳәм тар ҳәўлиси, жерде қарыйдарлардың автомобиллери ушын машина қойыў орнынының ҳәм де мәўсимли саўда ушын майданларды шөлкемлестириўге мүмкиншилик бермейди.

Тап усындай кемшилик Тбилисидеги Киров жабық базарындада гүзетиледи.

Саўда- сатық әҳмийетиндеги жәмийетшилик биналарының арнаўлы түри сыпатында жабық базарлар тарийхый қәдимги агорлар ҳәм форумлар менен байланыслы.

Антик қалалардың жәмийетшилик биналары саўда- сатық ҳәм социаллық тиришилик аренасы болып есапланатуғын еди, себеби булжерлерде халық жыйынлары өткезилер ҳәм де саўда – сатық ислери алып барылар еди.

XIX әсир орталарында санаат капитализминиң раўажланыўы ҳәм қалалардың интенсив өсиўи жәмийетшилик биналарының жаңа формасы – жабық базарлардың пайда болыўында әҳмийетке ийе болды.

Париж базары қурылысына байланыслы ҳалда пайда болған архитектуралық концепция ярым әсирден зыят ўақыт ҳүкимдарлық етти ҳәм де Европада дерлик барлық пайтахларда қурылған жабық базарлар архитектурасына өз тәсирин көрсетти.

Россияда жабық базарлардың кең қурылысы тек ғана XX әсирдиң биринши он жыллығынан басланады:1905жылы Петербургта ВВасильевский атаўында , 1910-1912 жылларда Киевтеги Крешеткеда, 1910-1915 жылларда Саратов Орайлық майданында ҳәм басқада бир қатар қалаларда сондай базарлар қурылған.

Совет жабық базарлар типлериниң пайда болыўы мәселеси көрип шығылғанда ең алды менен соны тастыйқлап өтиў керек, Уллы Октябрь революциясы ҳәм колхоз ( жамийетшилик хожалығы) системасының жеңиси саўда сатықтың әҳмийетини түптен өзгертирди ҳәм де жаңа типтеги совет жабық базарларының пайда болыўына жағдай жаратып берди.

Үлкен сыйымлықтағы ( 500 артық саўда орынлары) жабық базарлар әдетте қалалардағы орайлық базар болып есапланады, орташа ҳәм киши сыйымлықтағы ( 500 шекемги саўда орынлары) базарлар болса район әҳмийетине ийе болады.

Жабық базарлар тек ғана колхозлар ушын емес , ал сезилерли дәрежеде мәмлекетлик ҳәм ширкат саўдалары ушын мөлшерленген. Көлемли – режелестирилиў дүзилисине қарап жабық базарлар бир заллы ( қағыйдаға көре сыйымлы), еки ҳәм үш заллы ( орташа ҳәм үлкен сыйымлы),павельион типиндеги ( ҳәр қыйлы сыйымлылыктағы) базарларға бөлинеди.

## Жабық базарлар

Жабық базарлар саўда биналарының айрықша түри сыпатында биринши дүнья жүзлик урысында Батыс Европада пайда болған.

Булар сол гезлери тийкарынан ири улгуржи базарлар көринисинде болып, олар тек ған айрым қалаларға емес, бәлким қала топарларына ҳәм айрым ўақытлары болса пүткил мәмлекетке де хызмет ететуғын еди. Улгуржи базарлардың көлеми ҳаққында олардың саўдазаллары майданы ҳәм қурылысы көлемине қарап ( Сай ҳалда 15-20 мың $м^2$ ҳәм 250-300 мың $м^3$) пикир жүритиў мүмкин еди.

Олардың пайда болыўына музлатқыш – суўытқыш техникасының раўажланыўы ҳам биналардың инженерлик қурылмалары ҳәм де конструкциялары тараўында жетискенликлери алып келди.

Ең дәслеп жуқа темир- бетон гүмбезлер ҳам қабық – қуббалардың пайда болыўы 1927 жылда Франкфурт – Майнда, 1930 жылда Лейпцигда, 1931 жылда Будапештте белгили жабық базарлардың қурылыўы менен байланыслы.

Көтере саўда ушын мөлшерленген жабық базарлар өз өлшемине қарап улгуржи базарларға қарағанда сезилерли рәуиште утқызады. Жабық базарлардың басқаша түрлери ҳәм пайда бола баслады.

Мәселен саўда ҳәм басқада түрли жәмийтшилик илажлары өткерилетуғын муниципал ямаса кооперацияланған базарлар да бар. Вэвэ ( Швейцария) дағы базар, Хельсинкидеги Месухали жабық базар-жыйналыслар залы ҳәм басқалар усы мысалдан болып , бундай павильион-прицеплер комплексинен ибарат болған ҳәрекетшең ямаса көшпели базарлар дәслепки Италияда пайда бола баслаған.

Олар әдетте , берилген белгили бир орында қурылыўы мөлшерленген стационар базардың сыйымлылығын анықлаў зәррүр болған жағдайда пайда етилер еди. Өзине-өзи хызмет көрсетиўге тийкарланған базар-магазинлер -супермаркетлер дәслеп АҚШ та кең тарқалды.

Бизиң мәмлекетимизде соңғы жылларда жәмийетлик ширкат хожалықлары ҳәм мәмлекетлик саўда ушын көплеп жаңа жабық базарлар қурылған ҳәм пайда етилип атыр.

Қалалардағы ашық базарлар жабық базарларға айлантырылмақта, базар павелионлары, амбарлар, музлатыў қурылмалары қурылмақта.

Жабық базарларды жойбарлаў жетилистирилмекте. Жабық базарлар биналары өз көлеми- режелестириў дүзилмеси, улыўма абсолют өлшемлери ҳәм пропорциялары бойынша қала ишиндеги биналардан сезилерли рәўиште ажралып турады.

Қалаларда жабық базарлар күнделикли пацдаланыўдағы массалы қала жәмийетшилиги биналарының ең көп пайдаланатуғынлардан болып есапланады ( күнине 50-80 мың адам),оларға әмел қылыў үлкен жүк ағымлары менен байланыслы.

Биринши фактор массалы пиядалар кирип келиў орнын, кириў жолларын ҳәм шығыў жолларын, индивидуаль машиналар сақлаў орынларын шөлкемлестириў талабын алдыға сүреди. Екиншиси болса товарларды алып келиўдиң ажыратып алынған жолларын, жүк түсириў орынларын ҳәм жүк автомобиллерин сақлаў орынларын шөлкемлестириўди талап қылады.

Бул усылларды салыстырыў соны көрсетеди, саўда заллары, амбар ханалары ҳәм санитария қадағалаў станциялары арасындағы байланысты тәмийнлеў ушын санитария қадағалаў станцияларын хожалық ( товарлар) ҳәўлиси тәрепинен жайластырыў керек болады.

Жабық базарларда амбарханалар ҳәм музлаьқыш орынларын жайластырыўдың бир неше усыллары бар болып: биринши қабатта; екинши қабатта ҳәм подвалда.

Амбарханалар ҳәм музлатқышлардың подвалда жайластырылыўы ең мақсетке муўапык болып саналады, себеби бул майданлардан ҳәм де конструкциялардан рационал пайдаланыўдан тысқары олардың пандус масламалары ҳәм автомобиль, автокарлардың жүриў жолларын

шөлкемлестириў есапқа қолай пайдаланылыўы, соның менен бирге товарлардың амбарханалардан саўда орынларына қолайлық пенен жеткерилип берилиўин тәмийнлейди.

Жабық базарларда қарыйдарларға кесент берместен саўда орынларына товарларды жеткерип бериўге мөлшерленген ишки вертикал транспорт үлкен әҳмийетке ийе болады.

Жолаўшыларды тасыў лифтлери ҳәм исши текшелер менен байланыстырыўшы жоллар ( коридорлар) жаратылған шараятта стационар саўда орынлары блокларында жайластырыў мақсетке муўапық болып есапланады. Шамалап 2000 $м^2$ геше болган майданлар ушын 2 лифт, ал 4000 $м^2$ майданлы заллар ушын болса төрт лифт орнатылады.

Саўда орынларының еки яруста жайласқан ҳалатында вертикал транспорттан пайдаланыў эффектлилиги асады.

Ишки жүк ағымларын ҳәм қарыйдарлардың ҳәрекет жолларын жақсырақ шөлкемлестириў ушын олардың бөлимлерге ажратылыўы ҳам изоляцияланыўы зәрүр.

Ишки жүк ағымларын ҳәм қарыйдарлар ҳәрекет жоларын жақсырақ шөлкемлестириўши

Буған товарлардың стационар саўда орынлары блоги ишиндеги исши коридорлар бойлап қарыйдарлар жүриў жолларынан изоляциялаган ҳалда ҳәрекет қылыў арқалы ерисиў мүмкин.

Қарыйдарлардың жүриў жолларының ени сондай болыўы керек, бул бир тәрептен қарыйдарлардың қолай ҳәрекет қылыўларын тәмийнлеў, ал екинши тәрептен болса иншааттың улыўма майданы ҳәдден тысқары үлкен болып кетпеслигин тәмийнлеў зәрүр.

Жабық базарларда жүриў жолларының ени сезилерли рәўиште тебренеди: тийкарғы жүриў жоллары – 4 метрден 10 метргеше; қаптал тәрепиндеги жүриў жоллары – 2,5 м. ден 7 м. ге шекем; кесесине жүриў жоллары – 1,5м. ден 5 м. геше .

Бунда соны тастыйқлаў әҳмийетли, тийкарғы жүриў жоллары бир мәртелик саўда орынларына қарағанда үлкен өткезиўшеңлик қәсийетине ийе болатуғын стационар саўда орынларында режелеситириледи.




**1 – сүўрет. Жабық базарлар сыпатламасының схемасы**

## 1.2. Базарларды жайластырыўдың қаласазлық мәслелери

Қала әтрапында қоршаған орталықта базарлардың ишки орталығының пайда болыў тәсирлерин сыпатлаўшы әҳмийетли факторлардың бири орайлық коммуникацион тип болып саналады.

Халықаралық тәжрийбелерди изертлеў нәтийжеси соны көрсетеди, жабық ҳәм ашық формадағы жүдә турақлы мысалы жүзеге келген болыўы мүмкин.

Жабық архитектура формалары орталықты анағурлым қатаң қадағалаў ҳам технологиялық интизам, саўда турақлылығы имканиятлары менен тартылған сатыўшылар ўәкиллери тәрепиненде қолай екенлигин билдиреди.

Бунының үстине пиядалар ҳәм транспорт үскенелери ҳәрекети менен байланыслы болған, мысалы Берлиндеги Марцан, Милуокидеги Гранд-

Авеню жәмийет - саўда орайлары сыяқлы, пиядалар саўда көшелериниң жабық базарларға қайтадан ислеў намуналары жетерли дәрежеде көп ушырайды.

Өзине сай жабық объект сыпатында алып қаралыўы мүмкин болған ири жер асты гаражларға зәрүрият та пайда болады. Жабық түрдеги архитектуралық формалар бир қанша кемшиликлерге ийе.

Саўда базарларының ислеп шығылган архитуктурасы ишки тәрепке қаратылған болып, бунда қала майданларына ҳәм магистралларға тийкарынан қалың дийўаллар, айрым ўақытлары жанланып қалатуғын тутас витражлар ямаса жүк түсириў орынларына қараған болады.

"Ишкериден" ҳәм "Сырттан" кирип келиўши орынлар конрасты төмендегише әжеп тәўирликке алып келеди: қызығарлы интерьерлер, кеңисликтеги шешимлерининг түрлилиги ҳам көбинесе түссиз ҳәм де зеригерли экстерьерлер жанба- жан болып қалады.

Бирақ , бир қатар жағдайларда жойбарларда қала қоршаған – орталығына усындай жандасыўлар жеңип өтиўге урынып көзге тасланады

Оларда жабық саўда базарлары визиуал ҳәм физикалық тәрептен пиядаларға ғәрезсиз рәўиште ишкериде ямаса сыртта болыўын таңлап алыў мүмкиншилигин бериў арқалы сыртқы кеңисликлер менен байланысады.

Альтернативалық орталықтың бундай өз-ара күшейтирилиўи қала искерлигин тек ғана беккемлеп қоймастан , бәлким ишки жәмийетшилик-саўда кеңисликлерин жәнеде көркемирек қылады.

### 1.3.Өзбекистанда жабық базарлардың раўажланыўы

Өзбекистан – аўыл хожалығы раяажланыўы ушын қолай мәмлекет болып есапланады. Бул жердеги климатлық шараятлар палыз ҳәм мийўе өнимлерин жыл бойлап жетилиситирў ушын имканият береди.

Аўыл хожалығы өнимлери – булар тийкарынан тезбузылатугын товарлар болып есапланады. Минимал жоғалтыўлар менен саўда қылыў

орынларында мұғдарлы температуралық – ығаллылық режимин тәмийнлейтуғын шаратларжыжаратыў лазым болады.

Өзбекистан шараятында сая тәбийий ускенелер менен ҳаўа орталығын ҳәдден тысқары қызып кетиў менен гүресиўдиң бас шара илажларының бири болып саналады.

Өзбекистан базарларында саўда қатарлары үстине қурылған сая бериўши айўанлар астында алды сатты қылынатуғын базарлар еле естен шыққан жоқ.

Келтирилген фото сүўретте ( 1- сүўрет) көринип турыпты , бул жеңил типтеги, терек денесинен таярланған саўда қатары болып, олар ҳеш болмағанда жазирама ыссыдан ҳәм қар жаўыннан сақлар еди.



**2 сүўрет Ташкенттиң ески бөлиминдеги жабық базарлардың улыўма көриниси**

Жыллар даўамында Өзбекистан базарларында оларды абаданластырыў ушын үлкен муғдарда пул сарпланып келди ҳәм олар

тийкарынан саўда палаталары, павильионлар, амбарханалар,санитария қадағалаў станцияларын қурыўға бағдарланды. Бирақ бул шара илажлар саўданы алып барыў шәрт шараятларын тек ғана бир бөлегин жақсылаўға имкан берди, ал тийкарғы машқалалардың бири- қолайлықлар ҳәм архитектуралық орталықтың сыпат машқаласы шешилмей қалып кете берди.

Сатыўшылар ҳам қарыйдарлар ушын ең әҳмийетли шараятларды жаратыў зәрүрияты соңғы жылларда Өзбекистанда әмелдеги бар қала базарларын қайта тәмирлеў ҳәм жаңа базарларды қурыў бойынша сезилерли искерликтиң себепшиси болды.

Соған қарағанда Ташкен қаласында: Фархад, Алай, Қойлық,Паркент, Чорсуу сыяқлы базарларды қайта реконструкцияланды ҳәм Юнусабад районындағы ири базар жаңадан қурылды. Ески қаладағы Чорсу базарында болса биринши мәртебе сынаў сыпатында барлық палыз егинлери өнимлери секторын үлкен еки яруслы гүмбез астында жайластырыў менен өзине тән қәдем қойылды.

Бул базар қурылысы тәжрийбеси Өзбекистанда сондай иншаатларды жоқары тежжамкар, эксплуатациялыў сыпатлары ҳам Өзбекистан жәмийнтшилиги бинална қатарына жабық базарлары архиттетктурасынының жоқары көркем үлгилери менен толтырыўдағы ашылып атырған үлкен имканиятлары менен байланыслы ҳалда келеси ўақытта кеңейттириў мақсетке муўапық екенлигин көрсетеди.

Заманагөй қурылыс әмелиятында сыпатланған жабық базарларды олардың төмендеги тийкарғы белгилери бойынша сыпатлаўға имкан жаратып береди:

- аймақлық жайласыў бойынша;
- архитектуралық – режелестирилген шешими бойынша;
- товарлар ассортименти бойынша;
- көлеми бойынша ;
- саўда заллары саны бойынша.

Өзбекистан базарлары – халықты азық-ауқатлар менен тәмийнлеўдиң тийкарғы дереги саўда кәрханалары болып есапланады.

Соның ушын халық жасаў орынларына жақынласыўда турар – жай системаларында олардың ҳәзирги дәуирде қурылатуғын тийкарғы тенденциялары пайда болады.

Ўзбекистонда мана шундай қурилиш тенденциялари мавжудлигининг намуналари сифатида Юнусобод туманидаги Олой базари, Ҳамза туманидаги Паркент ва Қўйлиқ базарлари, Чилонзор туманидаги Фарҳод базарлари айтиш мүмкин .

Өзбекистанда әне усындай қурылыс тенденциялары бар екенлигиниң үлгиси сыпатында Юнусабад районындағы Алай базары, Ҳамза районндағы Паркент, Қойлық,Чиланзар районындағы Фархад базарларын айтыўға болады.

Қағыйдаға гөре , оларды турар жай кварталларында стихиялы рәўште шөлкемлестириў шекленген ассортименттеги товарлар менен киши саўда қатарлары толтырылады.

Хызмет көрсетиўдиң әне усындай дизиминде қаланың турар жай районларындағы бәрше ҳалыққа хызмет көрсетиўдиң минимал радиусы-500 м.ден 1,5 кмге шекемги аралықта күнделикли ыхтыяждағы азық аўқат өнимлери менен тәмийнлеў имканияты бар болады.

Жабық базарлар қурылысы ушын серқатнаў қала аймақларындағы майданлар таңлап алынады ҳәм соның ушын олардың жайласқан орны ҳәр қашан да турар жай районлары ямаса қаланың өзиниң геометриялық орайы менен мас келе бермейди.

Көбинесе бундай базарлар ушын транспорт магистраллары кесисиўиндеги районлар аймағы ажыратылады.

Өзбекистанда жабық базарлар айрылып турыўшы объектлер сыпатында пайда болмайды, бәлким базар комплексиниң көп жағдайларда еки-үш турар жай кварталлары майданы гектарға тең болған аймақта ,

пайда болып, қурамында азық аўқат ҳәм кийим магазинлери ҳәм басқада көплеген қәнигелестирилген саўда точкалары пайда болады.

Бундай имаратсазлық фонында өзиниң үлкен көлеми ҳәм оригинал архитектуралық шешими менен ажыралып турады, жабық базарлар бул жағдайда компазициялық доминант ўазыйпасын орынлайды.

Олардың қала аймақларында пайда болыўы, әне усындай жуўапгершиликли әҳмийети архитекторлар алдына оригинал архитектуралық- көркем көринислерди ҳәм режелестириў шешимин излеп табыўдай әҳмийетли ўазыйпаны қояды

Буның менен Өзбекистандағы заманагөй жабық базарлардың көринисин сыпатлаўшы архитектуралық шешимлердиң көп түрлилигин түсинтириў мүмкин. Ҳәзирги заман шет ел ҳәм миллий қурылысы әмелитының көрсетиўинше, жабық базарлар архитектурасының көлеми- кеңисликтеги шешимлери үш- орайлық, блокли ҳәм павилионлы система тийкарында қурылады.

Центрик композицияға товарды қабыл қылыў , сортларға ажратыў, амбарға жайластырыў,санитариялық тексериўден өткериў ҳәм усы сыяклы товарлардың прилавкиге келип түсиўине шекем болған саўда менен байланыслы технологиялық процесстиң белгили көлеми иске асатуғын жалғыз иншааттан ибарат болған базарлар киреди.

# II БАП. БАЗАРЛАР АРХИТЕКТУРАСЫНА ТӘСИР КӨРСЕТИЎШИ ФАКТОРЛАР

## 2.1. Базарларға тәсир көрсететуғын факторлар ҳәм талаплар

Жабық базарлар өзиниң ққөлемли- кеңислик композициясы бойынша , улыўма абсолют өлшемлери бойынша, соның менен бирге бөлек бөлимлери өлшемлери ҳәм пропорциялары бойынша қаладағы турар-жай ҳәм административлик әҳмийетке ийе биналардан ажыралып турады.

Олар қаладағы күнделик пайдаланыўдағы ең көп адам қатнайтугын биналар ( күнине 50-80 мың адам) қатарына киреди.

Жабық базарлар қарыйдарлар тәрепинен базарлар биналарына массалы түрде кириў ҳәм үлкен жүк ағымлары сыяқлы қаласазлық мәселелерин шешиўде есапқа алыныўы зәрүр болған бир қатар өзине тән қәсийетлерге ийе.

Биринши фактор кирип келиў,кириў ҳәм шығыў жолларын шөлкемлестириў, товарларды адып келиў менен байланыслы болған ,екинши фактор ажратып алынған жолларды ҳәм автотранспортты сақлаў орынларын қурыўды талап етеди.

Соның ушын қала системасында бул биналарды жайластырыўда оларға қойылатуғын өзине тән талапларды итибарға алыў керек болады:

- халықты азық-аўқат пенен , биринши орында – тез бузылатуғын өнимлер менен тәмийнлеўге мөлшерленген жабық базарлар пайдаланыўшыларға максимал дәрежеде жақынластырылған болыў керек, соның ушын оларды қаланың хызмет көрстилетуғын усы район шегараларында жайласытырыў керек болады. Бунда хызмет көрсетиўдиң жол қойылатуғын режелестириў радиусын, яғный жабық базардың қарыйдарын максимал узақлығын есапқа алыў керек болады. Үлкен қалаларда хызмет көрсетиў радиусы орташа 1-1,5 км ден, киши қалаларда болса 1,5-2,0 км.ден кем болмаслығы керек;

-жабық базарлар қолай кирип келиў ҳәм кириў жолларына ийе болыўы зәрүр, бунда сыртқы жүк ағымлары қарыйдарлардың ҳәрекет жолларынан ажратып алыўы көзде тутылыўы керек;
-санитария талаплары бойынша жабық базарлар биналары патасланыў дереклеринен шыгындыларды зынсызлантырыў жайынан каминде 1,5 км ҳәм шаң ҳәм күшли ийис шығарыўшы санаат кәрханаларынан, амбарлардан 500 метрден кем болмаған аралықта болыўы шәрт;

-үлкен пролетлы бина сыпатында жабық базар қалада сондай жайластырылыўы лазым, бунда ол басқа биналар менен биргеликте қала ансамбилине уйғынласып кетиўи керек.

Бир объекттиң жер майданының көлеми нормативте 1,5 гектарға тең деп алынады, қаланың бар болған районларында базарларды қурыўда болса 0,5 гектар деп алынады.

Қала имаратсазлық дүзилмесинде жабық базарларды жайластырыўдың тийкарғы еки усылы бар болып – булар атаўша ҳәм қала кварталларында жайластырыў болып , олардың ҳәр бири бас реже шешимлерине, өзине тән қәсийетлерге ийе

Жабық базарлардың өзине тән болған белгилери егер оларды ири мәмлекетлик магазин- дуканлар менен салыстыратуғын болса, жәнеде анық түсинерли болады. Бизиң магазинлеримизде саўда – сатықтың қандайда бир формасы – мәмлекетлик ямаса ширкат саўдасы тәрепинен әмелге асырылады.

Жабық базарда әдетте саўда үш түрде- мәмлекетлик,ширкат ҳәм жамоа хожалығы саўдасы алып барылады. Биринши еки жағдайда товарлар мәмлекетлик ямаса ширкат мүлки болып саналады,екинши жағдайда болса ширкат- жамоа ҳәм жеке мүлк болып есапланады.

Жабық базарлар ушын қарыйдарларға кесент берместен хызмет көрсетиўи ҳәм товарлар саўда жайына жеткерип бериўге мөлшерленген ишки вериткал транспорт үлкен әҳмийтке ийе болып саналады.
Жолаўшы –жүк лифтлерин ҳәм исши текшелерди стационар саўда орынлары блокларында , лифтлер ҳәм текшелер саўда орынлары менен байланысқан ишки жөлекшелер пайда етилетуғын шараятларда жайластырыў мақсетке муўапық.

Шамалап майданы 2000 кв.м болған заллар ушын еки лифт , 4000 кв.м. майданлы заллар ушын болса төрт лифт болыўы талап қылынады. Саўда орынлары еки яруста жайласқан жағдайда вертикал транспорттан пайдаланыў өнимдарлығы асады.

## 2.3.Қарақалпақстан Республикасында базарлардың архитектуралық шешимлери.

Базарлар қағыйда бойынша бөлне жайлсқан ғәрезсиз объкетлер көринисинде қурылыўы керек болып, бул олардың көлемли- режелестириў дүзилмесин берилген типтеги биналарға қойылатуғын талаплар ҳәм нормативлерге сай ҳалда жаратылыў имканын береди.

Базарлар әдетте саўда - турмысқа хызмет көрсетиў кәрханалары менен жанба-жан жайласып, бул саўда орайы көпшилик компонентлери функцияларының бир қыйлылығы ҳәм көлемли - кеңисликтеги параметрлериниң уқсаслығы менен шәртленеди.

### Хожели базары:

### Улыўма мағлыўматлар ҳәм жер майданына сыпатлама

Жойбарланып атырған объект –“Хожели дийхан базар “МЧЖ жабық базарын қайта тиклеў – Хожели районы С.Матчанов көшеси №8 мәнзилинде жайласқан. Жабық базардың улыўма майданы -3024 кв.м.

### Жер майданының тәбийий шараятлары ҳаққында мағлыўматлар

Жер майданының климатлық шәрт – шараятлары мәўсимли температураларының үлкен өзгерислери менен сыпатланыўшы кескин континенталь сыпатында характеристикаланады.

Ең ыссы ай июль айы болып саналады , максимал температура бул айда +44,60С ғаша жетеди( абсолют максимал).

Ең пәс температура болса январь айында гүзетилип -34,2 0С ға жетеди ( абсолют минимум).

Орташа салыстырмалы ығыллылық ең суўық айда 65% ти, ең ыссы айда болса 20% қурайды. Хожели районының барлық аймағы Амударья дәрьясының шор, агрессив жер асты суўлар дәрежесининң жоқары ҳалатқа ийе болған аллювиаль- делталы тегисликке туўра келеди. Жер асты суўларының шуқырлығы ҳәр қыйлы болып , 1,2мю ден 6,3 м. ге шекем парықланады.

Районның сейсмиклиги 6 балл менен баҳаланады. Топырақ музланыўының норматив шуқырлығы – 0,93 м. деп қабыл етилген, атмосфера жаўынларының көп жыллар даўамындағы орташа қийматы - 104 мм. Қар менен қапланатуғын күнлер саны бир жылда 28 күнди қурайды.

Самал тийкарынан арқа- шығыс бағдарында үстинлик қылады. Январда самал тезлиги -3,8 м/сек., июлда -3,9 м/сек. тең болады. Жойбардыислеп шығыўда “Жойбарлаў ушын климатлық ҳәм физикалық-геологиялық мағлыўматлар ” КМК 2.01.01-94 нормативлерин есапқа алыў керек

Төменде мен Қарақалпағыстан Республикасының орайлық базарларының қысқаша сыпатламасын келтиремен.

**Нөкис базары:**

**Улыўма мағлыўматлар ҳәм жер майданына сыпатлама**

Ер майданы Нукус шаҳри “Орайлиқ деҳқон базари” ҳудудидаги Эрназар Олакзў кўчасида жойлашган. Жер майданы Нөкис қаласы

«Орайлық дийхан базары» аймағындағы Ерназар Алакөз көшесинде жайласқан.

Ҳәзирги ўақытта жер майданыда бир қабатлы киши өлшемли жеке дуканлар, шайхана ҳәм базар мийманханасының ески бинасы жайласқән. Жер майданының топографиялық көриниси алынбаған.

М1:1500 масштабта топографиялық көринисин алыў зәрүр. Жер асты суўлары инженерлик коммуникациялары бар болса, бул жағдайда оларды қызыл сызықтан сыртқа шығарыў илажларын көриў керек болады. Жер майданының инженерлик – геологиялық үйренилиўи әмелге асырылмаған. Сейсмикалық шәртлери 2.01.03-96 деги ЎзР КМК ға сай ҳалда 6 балды қурайды.

**Жойбарлаўға архитектуралық – режелестириў талаплары**

Жер майданын Нөкис қаласы архитектура ҳәм қурылыс бас басқармасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Дарх комитетиндеги Қаласазлық Кеңеси менен келисилген ҳалда Орайлық дийхан базарын қайта тиклеў жойбарын жойбарлаў зәрүр.

Орайлық дийцхан базарын қайта тиклеў жойбарын “ЎзқаласазлықЛИТИ” АЖ тәрепинен ислеп шығылған аймақластырылған схемасына сай усы районды раўажландырыў перспективасы менен қурыў эскизин есапқа алған ҳалда алып барыў керек.

Қурылыс Бас режесинде дийхан базарлар бойынша ҳүкимет қарарлары ҳәм ШНК нормативлерине сай ҳалда жер майданынан рационал пайдаланыў көзде тутылыўы лазым.

Жер майданын тармақлаўдың қызыл шегарасы Нөкис қаласы архитектура ҳәм қурылыс бас басқармасы қасындағы Архитектуралық-режелестириў бюросында М1:1500 масштабта түсириледи.

Жойбарда дуканлардың зәрүр комплекслер менен қайта реконструкцияланыўы көзде тутылыўы керек. Көзде тутылған объектлер дизими жойбарлаў тапсырмасында анықланыў керек. Базардағы саўда қатарларының қайта реконструкцияланыўы жергиликли климат

шараятлары ҳәм “ЎзР ШНК 2.08.96ж. Жәмийетлик биналар ҳәм иншаатлар” ға сай ҳалда орынланыў лазым.

Базар аймағында жайласқан объектлердиң бас фасадын пардоздаўға заманагөй қурылыс материаллары ҳәм заманагөй қурылыс технологияларының пардозлаў материалларынан пайдаланыў керек.

Фасадтың реңли шешимлерин Нөкис қаласы бас архитекторы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Даварх комитети қасындағы Қаласазлық Кеңеси менен келисилиўи зәрүр.

Бина дийўалларының ишки пардозланыўы ЎзР ШНК ҳәм саўда комплекси интерьериниң заманагөй дизайн талапларына жуўап берген ҳалда әмелге асырылыўы керек.

**Аймақтың сыртқы абаданластырылыўы**

Жойбарда барлық абаданластырыў ислер комплекси көзде тутылыўы лазым . Базар майданын тосықлары менен тосыў талап етиледи.

**Қосымша шәртлери**

Жойбар- смета ҳүжжетлери бәрше өлшеў әсбапларының түрлерин үйрениў, инженерлик коммуникацияларға жумсалатуғын шығын көзде тутылыўы керек, соның менен бирге №2.07.96 деги ШНК ға муўапық нәгиранларға хызмет көрсетиў ушын бәрше зәрүр шараятлар көзде тутылыўы лазым.

Сыртқы тармақлар трассалары жойбарын топографиялық сүўретлеў режесинде М1:1500 масштабта орынлаў ҳәм алдынан Нөкис қаласы архитектура ҳәм қурылыс бас басқармасы , зәрүр болған жағдайда мәпдар ташкилатлар, тармақ ийелери, инженерлик коммуникациялары менен келиўи керек.

Жер асты ҳәм жер үсти коммуникацияларын көшириў зәрүр болған жағдайда оларды жойбарлаўды анықлап алыўлазым. Буннан тысқары ,жойбарда Қарақалпакстан Республикасы айрықша жағдай басқармасының техникалык шәртлерине сай ҳалда айрықша жағдайлардың алдын алыў бойынша шара- илажлардың пүтин бир комплексин көзде тутпақ керек.

Келешекте қайта ислеўдиң алдын алыў мақсетинде таярланған жойбарды Нөкис қаласы архитектура ҳам қурылыс бас басқармасында алдынан келисип алыў керек.

Қайта реконструкциялаў жойбарын толық көлемде Нөкис қаласы архитектура ҳәм қурылыс бас басқармасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Даварх комитети қасындағы Қаласазлық Кеңесинде төмендеги иллюстратив материаллар менен бирге усыныс етиў лазым:

- жағдайлы реже;
- қабатлар режеси;
- фасадлардың архитектуралық – композициялы шешимлери ( үш вариантта).
- Бас реже.

**Қоңырат базары**

**Жойбарлаў ушын тийкарлар**

“Қоңырат районындағы 300 саўда орнына ийе болған “Қоңырат дийхан базарын” қайта реконструкциялаў” (техника бөлими).

Базар жер майданы технологиялық талапларға қарағанда төмендеги аймақларға бөлинген: саўда аймағы ,пиядалараймағы,жеке автотранспорт сақалаў ушын аймақ.

Базар майданыда ҳәзирги ўақытта әмелде искерлик көрсетип атырған ҳәм де қайта реконструкциялаў керек болған саўда павелионлары, жеке дуканлар, дийхан базар маъмурияты объектлери ҳәм жабық дийхан базары бар.

Аймақта асфальтланыў лазым болған жөлекшелер, кирип келиў жоллары ҳәм майданшалар көзде тутылған.

Базарда төрт тәрептен кириў дәрўазалары көзде тутылган. Ьехникалық-экономикалық көрсеткишлер:

Қурылыс майданы – 8100,0 кв.м

Улыўма майданы - 25600,0 кв.м

Асфальтлы майданлар ҳәм жоллар майданы – 13000,0 кв.м

Көклемзарластырыў майданы – 450,0 кв.м

Қурылыс ушын төмендеги тийкарғы консруктив элементлер ҳәм материаллар пайдаланылған:

- фундаментлер – УТР 03.2-80 сериясы бойынша үстин сыяқлы жыйналатуғын ҳәм монолитли;

-цоколь – 13579-78 ГОСТ бойынша жыйналатуғын т/б бетон блоклардан;

-дийўаллар – М-25 қумлы-цементли араласпа тийкарында М-75 гербишинен терилетуғын гербишли;

- Жабылмалы тосықлар – 1.462.1-10/80 серияси бойынша 9 м ҳәм 6 м пролётлы;

Аралық дийўаллар – 120 мм қалыңлықтағы армогербишли;

-үстинлер – 1.865.1-4/84 в-1,2,3 сериясы бойынша жыйналмалы т/б. Тиргаклар – трубалардан;

Пол – мозаикали, бетонлы ҳәм кермикалық плиткалардан;

- том – бирлестирилген, жумсақ ,ўш қатламлы рубероидтан. Бастырма ушын – профнастилден. Ысытқыш – керамзит V=600кг/м.куб;

- айналар – пластмасса, есиклер ағаштан (филёнкалы);

-ишки пардозлаў –сыбаў үстинен күшейтирилген бояў;

- тегис сыбаў бойлап фасад бояўы.

**Исши жойбарды келисиў**

Жойбар (техникалық бөлимлери) төмендеги ташкилатлар менен келисилген:

Қоңырат районы бас архитекторы ҳәм буйртпашы, Қарақалпақстан Республикасы «Қарақалпақтелеком» филиалы, Қарақалпақстан Республикасы ИИБ, ӨзР Нәгиранлар жәмийетиниң Қарақалпақстан Республикасы филиалы , Шимолгазтаъминот” унитар кәрханасы менен келисилген.

**Экпертиза усынıслары ҳәм мулаҳазалары**

Экспертиза басқармасы тәрепинен исши жойбардың конструктив бөлегиндеги бәрше бөлимлери көрип шығылды,олар бойынша мулаҳазалар 14.12.2007 жылдағы №580-локал эксперт жуўмағында берилди. Бас жойбарлаўшы “Нукусландшафтлойиҳа” МЧЖ дан жуўап алынған болып, онда экспертиза мудаҳазаларын дурыслаў ушын қабыл етилгенлиги тастыйқланған(15.12.2007 жылдағы хат).

Қурылыс жер майданының инженерлик-геологиялық шәрт- шараятлар ҳаққындағы ӨзР Давар комитетиниң 21.06.2006 жылдағы №28буйрығына муўапық ДУК тың аймақлық бөлинбелеринде инженерлик – техникалық исленбелер материаллары дизиминен өткен жуўмақты илова қылыў керек.

Жойбарды жойбарлағанда полат конструкциялар турақлылығын вертикал, горизонтал байланыслар дизими менен ҳәм пайвандалаў бирикпелериниң турақлылығын тәмийнлеў керек.

Экспертиза мулаҳазалары бойынша сызылмаларда характерли орынлар бойынша қырықпалар ҳәм кесиспелер орынланған.

Жойбардың көрип шығылған бөлимлери бойынша конструктив исенимлилик ҳәм партлаўға ҳам де өрт қәўипсизлиги бойынша экспертиза мулаҳазалары жоқ.

Жойбар технологиялық ҳәм басқа шешимлер бойынша буйыртпашының мулаҳазаларысыз экспертли көрип шығыўға усыныс етилген.

**Төрткил базары**

Исши жойбар мақсети - Қарақалпақстан Республикасы Төрткил районы “Уллы бағ”мәҳәлле пухаралар жыйыны “ Төрткил Гавдан аўыл” фермер хожалығы аймағында “Төрткил _ Ел рысқы” дийхан базарында автомобиль сақлаў орны қурылды. Объектти қурыўда жойбарланып атырған жер майданының улыўма майданы 3,0 га (150 м х 200 м) қурайды.

Жойбарда төмендегилерди пайда етиў көзде тутылған:

- автомобиль сақлаў пүтин майданын асфальтлаў;

-бийиклиги 1,6м. болған металл тосықлар менен жер майданы периметирин орап алыў;

- көклемзарластырыў мақсетлеринде жер майданы әтрапында ирригация тармағын пайда етиў;

-жергеликли ақаба суўлар ушын темир бетонлы шуқыр қазыў.

# III БАП. БАЗАРЛАРДЫ ОПТИМАЛЛАСТЫРЫЎ ҲӘМ ДЕ ӨНИМДАРЛЫҒЫН АСЫРЫЎ

## 3.1.Базарлардың салыстырмалы көрсеткишлери ( майданы ҳам көлеми бойынша)

Базар саўдасы биналары типи өз қуўатлылығы ҳәм искерлиги бағдарлары бойынша технологиялық, режелестириў ҳәм конструкциялық шешимлери көз қарасынан алда болыўы ҳәм комплексте халыққа хызмет көрсетиў ҳам базарды эксплуатациялаў ең жақсы шараятлар менен тәмийнлениўи керек.

Базар биналары, оларда саўда ҳәм басқада жәрдемши процесслер топлаў принципи бойынша максимал дәрежде үлкейтилген болыўы керек, бул оларды қурыў ҳәм эксплуатациялаў қәрежетлерин қысқартырыўға имкан береди, соның менен бирге азық –аўқат өнимлери менен саўда қылыў ушын унификацияланған болыўы керек.

Базарлар төмендеги белгилер бойынша сыпатланады:

А – азық – аўқат өнимлери топламы бойынша:

- бәрше азық- аўқат өнимлери менен аралас саўда базарлары;

- бир еки, бир неше топардағы азық-аўқат өнимлери менен қәнигелестирилген ҳалда саўда қылынатуғын базарлар;

Б – дүзилиси бойынша:

- бәрше климатлық районларда ҳәр қыйлы ҳаўа райы шараятларында қолай хызмет көрсетиўдиң санитариялық – гигиеналық ҳәм басқада талапларын максимал дәрежеде қанаатландыратуғын жабық базарлар;

- саўда толық ҳалда ашық майданшаларда – жабық ҳәм ашық столлар үстинде, автомашиналарда, соның менен бирге саўда палаткалары ҳәм прилавкилерде турып алып барылатуғын ашық базарлар.

Олар гигиена талапларына анағурлым пәс дәрежеде сай келеди ҳәм қағыйдаға қарап амбар ҳәм сатыў – музлатқыш хожалығына ийе болмайды, ыссыдан, атмосфера жаўынларынан ҳәм суўықтан қорғалмаған

болады. Ашық базарлар бизиң мәмлекетимизде тийкарынан түслик районларда қала типиндеги аўылларда пайда етиледи;

- өз ишине жабық саўда иншаатларын ҳәм ашық саўда майданларын алған комбинацияланған базарлар. Олар бәрше климталық районларда ҳәм төменги районлар ушын жабық ҳәм ашық саўда майданларының сай ҳалдағы тийкарланғанлығы менен усыныс етиледи.

- қалалардың айрым районларында жақын ортада жайласқан ири базарлардың филиаллары сыпатында шөлкемлестирилген ўақтыншалық базарлар.

Олар саўда карханасын тутыныушыга жакынластырыў, оларды жәнеде бир тегисликте жайластырыў жолы менен халықты азық-аўқат өнимлери менен тәминлеўди жақсылаў ушын зәрүр болады.

50 шекем саўда орынларына ийе болатуғын киши қуўаттағы ўақтыншалық базарлар жеңиллестирилген конструкциялардан ҳәм арзан қурылыс материалларынан қурылады.

Базар қуўат бирлиги – бир ғана саўда орнына туўры келетуғын саўда майданы, $м^2$:

- жабық саўда заллары (орташа) 7.0
- киши базарлар яки павильонлар 8.0
- орташа базарлар 7.0
- үлкен базарлар 6.0
- ашық саўда майданшалары (жүк машиналары өтиў ушын жөлекшелерди есапқа алған халда) 9.0

Базарлардағы саўда орынларының улыўма санын азық-аўқатлар топарлары бойынша төмендеги 1-кестеде көрсетилген шегараларда дифференцияллаў усыныс қылынады.

1-кесте:

**Түрли экологиялық районлар ушын азық-аўқат өнимлер топарының салыстырмалы үлгиси ( %)**

| Азық-аўқат топарларының атлары | Климатлық районлар | | | |
|---|---|---|---|---|
| | I | II | III | IV |
| Миййелер, палыз егинлери, картошка, көкетлер ( укроп, сельдерей, петрушка) | 60 | 70 | 80 | 85 |
| Гөш ҳәм гөш өнимлери ( соның ишинде балық) | 11 | 7 | 6 | 4 |
| Сүт ҳәм сут өнимлери | 13 | 12 | 9 | 7 |
| Баска өнимлер | 16 | 11 | 5 | 4 |

Типлери ҳәм қуўатлары бойынша базарлардың дифференцияланыўы хызмет көрсетилип атырған халықтың оптимал саны ҳәм рентабиллиги менен белгиленеди.

2-кесте

**Жаңа ҳәм бар қалалар, қала типиндеги аўыллар ушын базарлар типлериниң номенклатурасы**

| Базарлар типлери | Қуўаты, саўда орынлары | Азық-аўқат өнимлериниң топламы |
|---|---|---|
| Киши ҳәм базар павильонлары | 30<br>50<br>100 | Бир неше түрдеги аўыл хожалығы азық-аўқат өнимлери |
| Орташа | 100<br>150<br>250<br>400 | Ҳәмме турдеги аўыл хожалығы азық-аўқат өнимлери |
| үлкен | 600<br>800<br>1200 | Ҳәмме турдеги аўыл хожалығы азық-аўқат өнимлери |

Сыпатлама: 1.Үлгили жойбарлар киши ҳәм орташа қуўаттағы базарлар ушын ислеп шығылады.

2. Индивидуал жойбарлар үлкен базарлар ушын ислеп шығылады.

Жанғын келип шығыўы халатында саўда заллары ҳәм басқа иншаатлардығы адамларды эвакуация қылып шығарыў орынлары арқалы қәўипсиз эвакуация қылыныўы көзде тутылыўы лазым.

Шығыў орынлары егер олар төмендеги иншаатлардан алып шығатуғын болса, эвакуацион саналыўы мүмкин:

- биринши қабат ханаларында жөлекше, вестибюль, текше, пандуслар арқалы туўрыдан туўры сыртқа шығылатуғын болса;

- биринши қабаттан басқа қәлеген қабаттан жөлекке ямаса текшеге, туўрыдан-туўры сыртқа шығыў орнына ийе болған пандусқа алып баратуғын болса;

- жоқарыда көрсетилгендей шығыў орынлары менен тәмийнленген сол қабаттағы қоңысы ханаларға алып шығатугын болса.

I ҳәм II дәрежели өртке шыдамлы базарлардың биналарының биринши қабатында екинши қабатқа алып шыгатуғын қарыйдарлар ушын бас вестибюллер ҳәм қабатлардағы холларды пайда етпестен, текшелерди ашық тәризде жойбарлаў жолға қойылады; қалған бәрше текшелер жабық текше клеткаларда болыўы лазым

III б ҳәм IV климатлық төменги районларда жайласқан базарларда ашық сыртқы темир –бетон текшелерге жол қойылады.

Базарлар биналарының текшелери клеткаларында майданшаларында косоурлар, пиллапоялар, тосынлар ҳәм маршлар 1 сааттан кем болмаған отқа шыдамлылық шегарасындағы жанбайтуғын болыўы лазым.

Металл косурлар металл тор тийкарында қурамалы араласпа менен сыбалыўы зәрүр.

Өнимлерди сақлаў ушын ханалар топарындағы жөлекшелер ени 1,8 метрден , административлик, коммунал, жәрдемши ҳәм техникалық ханаларда болса -1,2 метрден ден кем болмаслығы керек. Жанғынға қарсы дийўаллар арасындағы улыўма жол қойылатуғын майданлар төмендегише қабыл етилиўи керек:

- Iҳәм II жәрежели отқа шыдамлы шекленбеген қабатлы биналар ушын - 2200 $м^{2;}$

- III дәрежели отқа шыдамлы еки қабатлы биналар ушын – 1800 $м^2$.

Саўда залларынан эвакуация қылыў ушын текшелер өтиў орынлары ҳәм есиклердиң есап- китабыда саўда залының бир кисиге туўра келетуғын 1,35 м2 нормасынан келип шығыўы керек.

Эвакуация жолларының улыўма кеңлигинде бас текшелердиң ( ашық текшелердиң), капитал дийўаллардың ҳәм сыртқы ашық темир бетон текшелердиң маршлары енин есапқа алыў керек.

Тәбиийий жарытыўға ийе болмаған саўда залларында ишки көлеминиң жоқары аймағындағы дистанциялық ашылатуғын түтин шығарыў түйineклерин көзде тутыў зәрүр. Әне сондай түйinеклердиң улыўма майданы пол майданының 0,2%инен кем болмаслығы керек.

Базарлар биналарын сыртқы ҳәм ишки жанғынға қарсы водопровод дизими менен ускенелеў лазым болады. Базарлар биналарын ысытыў дизимин қағыйдаға гөре ,ыссылық дереклерине айрықша шахабшалар көринисинде болыўы керек.

Электр тәмийнаты исенимлилигин тәмийнлеў бойынша базарлар биналарының тийкарғы электр қабыл қылыўшылары II категорияға минәсип болады.

Базарлар биналарының электр қабыл етиўшилери саўда залларының улыўма майданы 220 $м^2$ болғанда III категорияға минәсип болады.

Саўда залы майданы 180 $м^2$ ше болған базарларда өртке қарсы насослар электродвигателлер, авариялық жақтыландырыў, жанғын қәўипсизлиги ҳәм қорықлаў сигнализациясының электр пайдаланыў қурылмалары ( еки ғәрезсиз электр менен тәмийнлеўши дереклер болмағанда) жергиликли автомат байланыстырылған ғәрезсиз электр дерегинен (дизель станциясы, аккумлятор батареялары) тәмийнлениўи лазым.

Эвакуация жағдайында улыўма майданы 90 $м^2$ ҳәм оннан артық болған саўда заллары ушын авариялық жарытыў көзде тутылыўы зәрүр. Административлик ҳәм коммунал ханаларда авариялық жарытыў жөлекшелерде ҳәм де текшелерде орнатылады.

Улыўма майданы 180 $м^2$ ҳәм оннан артық болған саўда залларында қарыйдарлардың шығыў орынлары авариялық жарытыў тармағына байланыстырылған “Шығыў” жазыўына ийе сигналлы фонарлар менен белгиленген болыўы керек.

Саўда залларындағы ҳәм эвакуация жолларындағы түнги қорықлаўшы жақтыландырыўды авариялық жақтыландырыў тармағында пайдаланыў көзде тутылады.

Лифтлер ,эскалаторлар ҳәм адамлардың басқада механикалык үскенелериниң эвакуация жоллары есап китабында итибарға алынбайды. Улыўма эвакуациялық текшелер жер төле қабаты менен байланыспаған болыўы керек.

Саўда залынан шығыў орынлары ҳәм текшелер есап китабы саўда залына бир ўақыттың өзинде болған адамлардың максимал санынан келип шыққан ҳалда әмелге асырылыўы лазым.

Эвакуация жолларында минимал кеңлик 0,8 м болыўы ,есиклер ҳәм өтиў орынларының бийиклиги болса 2,0 м ден кем болмаслығы, ал жер төле ямаса цоколь қабатынан өтиў орынлары ушын болса бул бийиклик 1,9 м геше кемейтирилиўи мүмкин. Текшелер майданшасының шуқырлыгы марш кеңлигинен киши болмаслығы лазым; еки тәрепке ашылатуғын есикли лифтлерге кириў алдындағы майдан шукырлығы болса 1,8м ден кем болмаслығы зәрүр. Эвакуация жолларында жүгирип өтилетуғын көпир, винтли текше ҳәм маршлардың пайда етилиўине жол қойылмайды.

Бидалардан эвакуациялық шығыў орынлары жайылған ҳалда жайластырылыўы лазым, олар кеминде екеў болыўы зәрүр. Жер төле ямаса цокол қабатында жайласқан майданы 300 $м^2$ болған саўда исленбейтуғын ханалардан тек ғана шығыў орны болыўына жол қойылады.

Жумысшылардың саны 15 адам болған жағдайда екинши шығыў орны сыпатында вертикал текшелер, люклар соның менен бирге өлшемлери 0,75х1,5 м болған айналардан шығыў аңсат болыўы ушын арнаўлы қурылмалары бар болғанда ғана пайдаланыў мүмкин. Айналардың тосықлары 0,75 сааттан кем болмаған отқа щыдамлылық шегарасына ийе болыўы зәрүр.

## 3.2. Бина ҳәм майданлардың тийкарғы топарларын режелестириў шешимлери

Базар қурамына кириўши иншаатлар ҳәм майданлар төмендеги тий карғы топарларға ажыратылады:

- саўда иншаатлары ҳәм майданлар;
- азық- аўқатлар өнимлерин қабыл қылыў, қадағалаў, сақлаў ҳәм сатыўға таярлаў ушын иншаатлар ҳәм майданлар;
- коммунал – турмыс хызмет көрсетиў ҳәм административлик иншаатлар;
- жәрдемши хожалық ҳәм техникалық иншаатлар.




7 сүўрет Базардың тийкарғы иншаатларының өз-ара байланыс схемасы

Ҳәрекетлениў жоллары: Товарлар ҳәрекет жолы, шығындылар ҳәрекет жолы,саўда инвентарлары ҳәркет жолы, қарыйдарлар ҳәркете жолы, хызметкерлер ҳәм сатыўшылар ҳәркет жолы.

Коммунал-турмысқа хызмет көрсетиў ҳәм административлик ханалар топарына мийманхана, ана ҳәм бала ханасы, почта, жамғарма кассасы , асхана (кафе), шаштәрезхана, коммунал хызметлер кәрханасы, жеке

буйымларды сақлаў камерасы, дирекция ханасы ҳәм идара, хызметкерлер ханасы,  рухыйлық ханасы, кассалар, жәмийтлик тәртипти сақлаў ханасы ҳәм  вахтер ханасы киреди.

Жәрдемши – хожалық ҳәм техникалық иншаатлар топарына  саўда ҳәм тазалаў инвентарлары ҳәм де тараларды сақлаў ҳәм санитар қайта ислеў ханасы, кирлер ҳәм арнаўлы саўда кийими ушын амбарханалар,базар ишки транспорты ҳәм  шығынды тасыў бункерлерин жайласытырыў ушын майданшалар, электрощит, радиоузел, көтергиш механизмлериниң машина бөлими, устаханалар, вентиляциялық камералар, ыссылық узели ҳам басқалар киреди.

## Саўда заллары ҳәм майданлар

Саўда заллары формасы, пропорциялары ҳәм өлшемлери технологиялық процессти дурыс шөлкемлестириўди  ҳәм саўданың қолайлығын шәрт қылып қояды

Саўда залы қаншелли шуқыр , аралық дийўаллары, жабылмалары ушын таянышлардан қаншелли еркин болса, онда саўданы шөлкемлестириў соншелли қолайлы болады,  базарлардың бир қабатлы биналарында саўда залының оншелли  ишкерисинде  болмаған жайда ( 6-12м) қарыйдарлар ушын кириў орынларын илажы барынша бинаның  қаптал тәрепине жақын жайластырыў керек, себеби кириў орынларының орайда  жайласыў жағдайында  саўда залы еки бөлимге бөлингендей болып қалады, бул болса технологиялық процессти сезилерли рәўиште жаманластырады ҳәм саўда майданының жоқ болыўына алып келеди ( 8- сүўрет).



**8 - сүўрет**

**Қарыйдарлар ушын кириў орнының саўда ислемейтуғын ханаларды жайластырыўға тэсири**: а- туўры мүйешли режеде ( 1- фронтал бир тегис), 2- жайылгған, 3- мүйешли); б- шеңберли режеде ( 1- бириктирип қурылған, 2-алдында қурылған), 3-орайлық); в- туўры мүйешли конфигурацияда ( 1 – кесесине екиленген, 2,3,4 –бойлама екиленген).




**9- сүўрет**

Туўрымүйешли формадағы базарлардың саўда залы (Тбилисидеги орайлық базар , 1965 ж.): а- 1 - қабат, 2- цоколь қабаты, в-қыркпалар.




**10 – сүўрет**

IV климатлы районлар ушын 250/1750 қуўатлылыққа ийе базардың үлги жойбары (ТбилЗНИИЭП, 1976 ж), а – макетлери, б – режеси.




**11- сүўрет.** Жабық базарларды тәбийий жақтыландырыў шешимлери үлгилери (жоқарыда жарықлық тесиги: а- еки тәреплеме жоқарғы фонарлар, б- жоқарғы- жанбас еки тәреплеме жарықлық тесиклери, в- жокарғы жанбас бир тәреплеме жарықлық тесиклери, г- жоқары жанбас периметрал жарықлық тесиклери, д- шийше бетонлы панеллер)



12-сүўрет Стационар ҳәм ўақтыншалық қуяштан қорғаў қурылмалары: а- стационар қуяштан қорғаў қурылмалары, б- стационар қуяштан қорғаў перделери, в- тентлер, г- стационар темир бетон бастырма.

## Киши орынлар, текшелер, пандуслар ҳәм эскалаторларға режелестириў талаплары

Кириў орынлары ҳәм текшелерди жайластырыў саўда майданынан эффектли пайдаланыўға сезилерли тәсир көсретеди, базарлардың бир қабатлы биналарында саўда заллары анағурлым шуқыр болғанда кириў орынлары орайда ҳәм торец ( жанбас) тәрепинде жайласыўы мүмкин.

Базар бинасы еки қабатлы қылып қурылғанда кириў орынлары ҳәм текшелерди сондай қылып жайласытырў керек, бунда кириў орынан текшеге шекем ҳәм оннан терис бағдарда ҳәркет қылып атырған қарыйдарлардың тийкарғы ағымлары саўда залын кесип өтпеслиги ҳәм саўда процессине кесент бермеслиги зәрүр.

Әдетте буған бинаның жан тәрепинде қарыйдарлар ушын кириў орнын жайластырыў арқалы ерисиледи.

Қарыйдарлар, сатыўшылар ҳәм хызметкерлер ханаларының топарлары бир бөлиминен екиншисине текшелер, пандуслар ҳәм эскалаторлар бойлап ҳәркете етиўлери мүмкин.

Қарыйдарлардың саўда залларына алып кириўши орынлары, текшелер, пандуслар ҳәм эскалаторлар хызмет көрстеиўшилер ушын мөлшерленген кириў орны ҳәм текшелерден ажратылған болыўы лазым.

Пандуслар базар ушын ең қолай болып есапланады, себеби олар үстинен жүк пенен ҳәркет кылыў текшелеринде жүриўге қарағанда жеңилирек болады.

Булардан тысқары пандуслар бойлап базар ишинде транспортта өнимлержи тасыўға болады.

Базарларда пандуслар нишаблиги қуйидагилардан кўп бўлмаган даражада тавсия қилинади

Базарларда пандуслар төмендегилерден көп болмаған дәрежеде усыныс қылынады:

- жабық иншаатларда – 0,16 (16 %);
- ашық иншаатларда – 0,08 (8 %)
- бастырмалар астында (ярым ашық) – 0,12 (12 %).

Эскалаторлар ямаса олардың жайласыў орнын тек ғана орташа ямаса ири базарлар ушын көзде тутылыўы лазым. Ҳәр бир жағдайда жойбарлаў тапсырмасында эскалатордан пайдаланыў рентабиллигин тийкарлаў керек болады.

Эскалатор ени, эвакуация жолларының ени итибарға алынбайды, оларды қағыйдаға гөре еки пар сызықлар коринисинде базардың бас текшелери менен жанба жан жайласытырыў керек болады.

## Жәрдемши – хожалық ҳәм техникалық ханалар

Жәрдемши – хожалық ҳәм техникалық ханалар қурамына сатыўшыларға хызмет көрсетиўши ҳәм бир ўақыттың өзинде базар саўдасы мәдениятын көтериўге жәрдем бериўшиханалар ҳәм майданшалар киреди.

Жәрдемши – хожалық ханаларына тазалаў инвентарларын сақлаў ҳәм де санитариялық жақтан қайта ислеў ушын қурылмалар ҳәм таралар ханалары, кирханалар ҳам саўда ушын арнаўлы кийим ханалары, базар ишки транспортын сақлаў майданшалары ҳам шығындыларды топлаў майданшалары киреди.

Бул иншаатлар ҳәм майданлар саўда заллары, ашық саўда майданлары, соның менен бирге өнимлерди қабыл етиў ҳам қадағалаў ханалары менен қолайлы байланыста болыўы зәрүр.

## Саўда орынлары

Базарларда аўыл хожалық өнимлери саўдасы айрықша сатыўшылар, жамао хожалықлары тәрепинен әмелге асырылады.

Базардағы саўда орынлары индивидуал ҳам стационар пайдаланылатуғын болыўы мүмкин.

Индивидуал пайдаланылатуғын саўда орынлары аўыл хожалығы өнимлери менен саўда қылыўшы жамао хожалығы ағзалары,олардың семтялары ағзалары ҳәм пенсионерлер ушын мөлшерленген.

Стационар пайдаланылатуғын саўда орынлары жамоа хожалықлары ҳам пайдаланыўшылар ширкатлары тәрепинен узақ мүддетке арендаға алынады ( фирмалы ҳәм комиссион саўда).

Тийкарғы базар саўда орны ( прилавка) үш түрдеги өлшемде азық аўқат топарына байланысқан ҳалда жойбарланады.

**4- кесте**

**Номенклатураға сай ҳалда базарлардағы қарыйдарлар, сатыўшылар ҳәм хызмет көрсетиўшилердиң саны**

| Адамлар топары атамасы | Базар қуўатлылығы ( саўда орынлары, саўда майданы) | | | | | | | | | | 1 савдо ўрни/киши меъёри 1 саўда орын/киши муғдары | Изаҳ |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Киши | | | Орта | | | | Ири | | | | |
| | 30/240 | 50/400 | 100/800 | 100/800 | 150/1060 | 250/1750 | 400/2800 | 600/3600 | 800/4800 | 1200/7200 | | |
| Карыйдарлар ( бир ўақыттың өзинде) | 150 | 250 | 500 | 500 | 750 | 1250 | 2000 | 3000 | 4000 | 6000 | 5 | Бир қарыйдарға 1,6-1,2 $м^2$ есабынан |
| Сатыўшылар | 30 | 50 | 100 | 100 | 150 | 250 | 400 | 600 | 800 | 1200 | 1 | Базар қуўатлылығына мас ҳалда |
| Хызмет көрсетиўши хызметкерлер | 3 | 5 | 10 | 10 | 15 | 20 | 30 | 35 | 40 | 50 | Ҳаммаси | Штат кестеси бойынша жойбарда белгиленеди |

Тығыз ўақытлары – байрам алды ҳам байрам күнлери муғдар бир бирликте 5-10% ке асырылыўына жол қойылыўы мүмкин.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

Миллий илим- пәнимизде базарлар раўажланыўының перспективасы бағдарларының үйренилиўи конструктив элементлериниң типологиясы, көлемли – режелестириў дүзилмеси, жер майданының қаласазлық шешими, экономикалық ҳәм басқа усы сыяқлы ўазыпалар менен байланыслы.

Усы илимий исте жабық базарлар жәҳән тәжрийбесинен топланған материаллар тийкарында үйренилди. Бул жамоа орайында халқымыздың ыхтыяжларын толық қанаатландырыў ҳәм парыз ҳәм фарз болып есапланады.

Жойбарлаўда түрли факторлар тәсирин есапқа алыў зәрүр болып , олар тийкарынан базарлар ишки кеңислигиниң композициялы шешимин ҳәм ғәрезсиз жәмийетшилик – саўда кәрханасы сыпатында ҳәм көп функциялы комплекс қурамындағы қәсийетти белгилейди. Қала ҳәм қала сыртында жайласқан комплекслердиң өзине тән қаласазлық санитариялык нормаларының жайласыў участкисинен дурыс пайдаланыў мақсетке муўапық болып есапланады.

Жабық базарларды режелестириўде қарыйдарлардың ҳәркет жолларын ишки жүк ағымларын жақсы дәрежеде шөлкемлестириў ушын бул ағымлардың бөлимлери ажратылыўы ҳам изоляция қылыныўы көзде тутылыяы лазым.

Ишки кеңисликти шөлкемлестириў композиция үскенелерин жаңалаў архитектура теориясы ҳәм әмелиятында кем-кемнен көбирек өзлестирилип барылмақта.

Заманагөй тендецияларды додалаў тийкарында жойбарлаў процессиниң төрт қәсийетин ажратып көрсетиў мүмкин болып, оларда жаңа композициялы жантасыў нызамлары анық көринеди ҳәм оларға төмендегилер киргизиледи:

- ишки кеңисликтиң дәслепки концепциясы;
- -кеңислик аймақлық композициясы;
- жақтыландырыў орталығын пайда етиў;

- ишки ҳәм сыртқы кеңисликтиң өз ара байланысы.

Базарлар әдетте саўда – коммунал хызмет көрсетиў кәрханалары менен жанба-жан жайласып, бул саўда орайы көпшилик компонентлердиң функциялары бир қыйлылығы ҳәм көлемли – кеңислик параметрлериниң уқсаслығы менен шәртленеди.

Базарлар биналары экстерьери шешимлери олардың функционал мақсетлерине жуўап бериўи керек. Соған қарап саўда заллары фасадлары шешиминде қуяш нурларының пештахталарга туўрыдан-туўры түсиўге жол қойылмастан, интерьерди көшеге максимал ашыў зәрүр болады.

Саўда залы бийиклиги сезилерли бөлими оның көлемине антресолли қабатты киргизиў менен жақсы ғана пропорцияларда интерьерлер көлемине сай ҳалда фасадлар шешимин хал етиў имканын береди.

Жабық базарлар өзиниң көлемли- кеңислитеги композициясы бойынша ,улыўма абсолют өлшемлери бойынша ,соның менен бирге ажратылған бөлимлериниң өлшемлери ҳам пропорциялары бойынша қаладағы турар – жай ҳәм административлик әҳмийеттеги биналардан ажралып турады.

Соның ушын қала системасында бул биналарды жайластырыўда оларға қойылатуғын өзине тән талапларды итибарға алыў керек болады:

- халықты азық-аўқат пенен , биринши орында – тез бузылатуғын өнимлер менен тәмийнлеўге мөлшерленген жабық базарлар пайдаланыўшыларға максимал дәрежеде жақынластырылған болыў керек, соның ушын оларды қаланың хызмет көрстилетуғын усы район шегараларында жайласытырыў керек болады. Бунда хызмет көрсетиўдиң жол қойылатуғын режелестириў радиусын, яғный жабық базардың қарыйдарын максимал узақлыгын есапқа алыў керек болады. Үлкен қалаларда хызмет көрсетиў радиусы орташа 1-1,5 км ден, киши қалаларда болса 1,5-2,0 км.ден кем болмаслығы керек;

-жабық базарлар қолай кирип келиў ҳәм кириў жолларына ийе болыўы зәрүр, бунда сыртқы жүк ағымлары қарыйдарлардың ҳәрекет жолларынан ажратып алыўы көзде тутылыўы керек;

-санитария талаплары бойынша жабық базарлар биналары патасланыў дереклеринен шыгындыларды зынсызлантырыў жайынан кеминде 1,5 км ҳәм шаң ҳәм күшли ийис шығарыўшы санаат кәрханаларынан, амбарлардан 500 метрден кем болмаған аралықта болыўы шәрт;

-үлкен пролетлы бина сыпатында жабық базар қалада сондай жайластырылыўы лазым, бунда ол басқа биналар менен биргеликте қала ансамбилине уйғынласып кетиўи керек.

# Пайдаланылған әдебиятлар дизими:


1. Булатов М.С. – «Космос и архитектура»
2. Виноградов А.В.- « Тысячилетия погребенной пустыней « М. .
3. Воронина В.Л. – « Доисламские культовые сооружения Средней Азии»
4. Воронина В. –« Древняя строитаельная техника Средней Азии».
5. Воронин Л.Н. – « Устроиство оснований в памятниках архитектуры Средней Азии».
6. Ўзбекистон Республикаси Давлат Архитектира ва Қурилиш қўмитаси
7. ШНК 2.08.01-05. "Турар орын имаратлары" Тошкент-2006й
8. 4. Ю.Н. Коваленко, В.П.Шевченко, И.Д.Михаиленко, Краткий справочник Архитектура. Киев. 1990г.
9. 5. Қ.М.Қ 3.01.02-00 "Қурилишда хавфсизлик техникаси"
10. 6. Ш.Н.Қ 2.01.02-04 "Ёнғин хавфсизлиги"
11. 7. ҚМҚ 2.07.02-96 "Инсонларнинг ҳаёти ва фаолияти"
12. 8. М.Отахонов. Қурилишда мехнат муҳофазаси ва хавфсизлик техникаси" Тошкент-1991 у
13. 9.ШНК 2.07.01- 03 «Қала ва қишлоқ аҳоли пунктлари ҳудудларини ривожлантириш ва қурилишини режелестириў » Тошкент- 2006.
14. 10.ШНК 2.05.02- 07 «Автомобиль жоллари» Тошкент- 2007.
15. 11.Черепанов В.А. Транспорт в планировки города. М., Стройиздат, 1970.
16. 12. ШНК 2.07.01- 03 «Қала ва қишлоқ аҳоли пунктлари ҳудудларини ривожлантириш ва қурилишини режелестириў » Тошкент- 2006.
17. 13. ШНК 2.05.02- 07 «Автомобиль жоллари» Тошкент- 2007.
18. 14.Черепанов В.А. Транспорт в планировки города. М., Стройиздат, 1970.